# Ústirtke túrkmen qulanları alıp kelindi

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń biyligine muwapıq, Buxara qánigelestirilgen «Jayran» pitomniginen 175 bas túrkmen qulanların «Qubla Ústirt» milliy tábiyat baǵı hám «Saygachiy» kompleksli (landshaft) buyırtpa qorıqxanasına kóshiriw jáne usı siyrek gezlesetuǵın haywanlardıń tariyxıy arealları bolǵan aymaqlarda olardıń bas sanın tiklew boyınsha tapsırmalar belgilengen edi.

Image not found or type unknown

QR Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti baspasóz xızmetiniń málim etiwinshe, Ilimler Akademiyasınıń usınısına muwapıq, ulıwma 13 bas túrkmen qulanın «Saygachiy» kompleksli (landshaft) buyırtpa qorıqxanasınıń Jiydeli bólimine kóshiriw jumısları ámelge asırıldı.

Image not found or type unknown

Sonday-aq, jáne 162 bas túrkmen qulanın usı qorıqxana hám «Qubla Ústirt» milliy tábiyat baǵına kóshiriw jobalastırılǵan.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi.